



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETABLISMAN PREMYE SIMETYÈ VETERAN DETA NAN NEW YORK

Eta a pran Simityè Memoryal pou Veteran nan Sampson ki nan Konte Seneca, pou l vin tounen Simityè Veteran Deta nan Eta New York - Finger Lakes

Administrasyon Simityè Nasyonal pral bay 2.8 milyon dola pou agrandisman ak amelyorasyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a etablisman premye Simityè Veteran Deta nan New York la, ki te rive posib gras ak transfè pwopriyete Simityè Memoryal pou Veteran nan Sampson (Sampson Veterans Memorial Cemetery) ki soti nan Konte Seneca pou pase nan nivo Eta a ak 2.8 milyon dola ki disponib nan Administrasyon Simityè Nasyonal (National Cemetery Administration) la. Premyèman yo te idantifye kòm kote ki apwopriye an 2021, Simityè a pral asire Eta a ka bay opsyon antèman ki diy pou veteran New York yo ak fanmi pa yo. Divizyon Sèvis Veteran Eta a pral sipèvizè simityè a, ki te chanje non an Simityè Veteran Deta nan Eta New York - Finger Lakes (New York State Veterans Cemetery - Finger Lakes), an akò ak nòm nasyonal pou simityè veteran eta yo.

"Veteran nou yo te sakrifye plis pase anpil moun te kapab imajine, epi New York fyè dèske li etabli premye Simityè Veteran Deta li a pou onore eritaj yo epi asire yo ka repoze anpè". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pa gen pi bon kote pou premye simityè inik sa a pase yon kote ki chaje ak istwa militè. Nou pap janm manke apresye veteran nou yo epi nou pral asire ke yo pral pran swen yo nan lavi ak nan lanmò pandan n ap remèsye yo pou sèvis dezenterese yo."

Simityè Veteran Deta nan Eta New York - Finger Lakes la okipe 65 ekta tè sou Seneca Lake nan Romulus, Konte Seneca epi li adjasan ak Pak Eta Sampson (Sampson State Park). Sit la gen 59 ekta tè ki disponib pou pwojè devlopman ak konstriksyon pou asire li sèvi kòm yon kote pou repoze ke yo onore pou ewo Eta New York yo pou jenerasyon k ap vini yo. Simityè a sitiye sou ansyen Estasyon Fòmasyon Naval Sampson ak Baz Fòs Ayeryèn Sampson lan, kote plizyè santèn milye manm sèvis te antrene pandan Dezyèm Gè Mondyal la ak Lagè Kore a. Sit la pita te fonksyone kòm yon kolèj tanporè ak yon sant separasyon pou manm sèvis yo te libere yo, epi

ofisyèlman li te fèmen an 2000. Simityè a sitiye toupre Waterloo, kominote yo rekonèt kòm bèso Jounen Memoryal (Memorial Day) la.

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Seneca, Michael Enslow, te deklare, "Konte Seneca gen onè dèske li te chwazi Simityè Memoryal pou Veteran nan Sampson lan pou li vin premye Simityè Veteran Deta nan Eta New York. Nou te deja jeran fidèl tè sakre sa a epi nou pa ka tann yon tranzisyon san pwoblèm ak yon avni ki pi briyan menm pou lye istorik sa a."

Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare, "Nou rekonesan anvè patnè nou yo nan Administrasyon Simityè Nasyonal la paske yo te rekonèt premye Simityè Veteran Deta New York la epi paske yo te bay yon opòtinite sibvansyon pou bay Manm Sèvis yo, Veteran yo ak fanmi yo yon kote po yo repoze an diyite nan New York. Sa akonpli yon aspè enpòtan nan misyon nou pou sèvi fanmi Veteran New York yo."

Se yon komite ki te nonmen pou objektif sa a ki te chwazi sit la an 2021 kòm premye Simityè Veteran Deta nan New York. Divizyon Sèvis Veteran yo te travay ak moun ki gen enterè yo pou asire disponiblite 2.8 milyon dola nan fon federal yo, ki te kle pou fasilite transfè a. Finansman federal la pral pèmèt amelyorasyon, ki gen ladan nich kolonbaryòm, kript ke yo mete davans, peyizaj, irigasyon, nivèlman ak drenaj, ansanm ak antretyen bilding ak antretyen lakou, ak lòt enfrastrikti sipò.

Eta New York se lakay plis pase 688,000 veteran, epi jiska prezan, se te youn nan yon ti ponyen eta atravè peyi a ki pa t gen yon simityè veteran deeta ke yo rekonèt ke eta ap dirije. Simityè Veteran Deta nan Eta New York - Finger Lakes ouvri pou antèman manm sèvis ki mouri nan sèvis aktif yo, veteran yo (jan lwa federal la defini), ak mari oswa madanm ki elijib yo ak timoun depandan yo.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Simityè Memoryal pou Veteran nan Sampson se yon tè sakre pou dè santèn milye Veteran Dezyèm Gè Mondyal la ak Veteran Koreyen ki te antre nan militè pou defann nasyon nou an. Li apwopriye pou Administrasyon Nasyonal Simityè VA a kreye patenarya ak Eta New York pou fè Sampson, vin premye Simityè Veteran Deta nan New York. Mwen te fyè dèske mwen te kanpe kòt a kòt ak defansè veteran nou yo pou ede sekirize investisman federal ki evalye a 2.8 milyon dola pou agrandisman ak amelyorasyon yo pou rann pwojè sa a ke yo t ap tann depi lontan posib epi asire veteran nou yo ak fanmi yo gen yon lye final ki apwopriye pou yo repoze."

Senatè Eta a, Tom O'Mara, te deklare, "Deziyasyon Simityè Memoryal pou Veteran nan Sampson lan kòm premye simityè veteran nan Eta New York la se yon bon omaj epi yon omaj ki dirab pou yon efò ki dire plizyè deseni nan men anpil lidè eta ak lokal, veteran zòn yo, ak sitwayen fyè yo. Li pral onore angajman yo ak devouman yo anvè moso tè espesyal sa a pou tout tan. Li pral kanpe kòm yon lye fyète pandan lontan pou Konte Seneca. Sitou, li pral make yon kote ki apwopriye ak lye repo final pou plizyè milye ewo Ameriken nou yo."

Senatè Eta Pam Helming te deklare, "Simetyè Memoryal pou Veteran nan Sampson kounye yon fason ofisyèl li se premye Simityè Veteran Eta New York, e mwen onore anpil pou m te fè pati rev sa a yo t ap nourri depi lontan an vin reyalite. Li enpòtan tou pèsònèlman pou mwen paske papa m te yon veteran Fòs Ayeryèn Etazini (US Air Force) ki te antrene nan Baz Fòs Ayeryèn Sampson lan. Mèsi Gouvènè Hochul ak Divizyon Sèvis Veteran Eta New York la, ak Konte Seneca. Sitou, mèsi ak veteran zòn nou yo ki merite kredi final pou jounen sa a, ak pi gwo respè ak rekonesans nou. Simetyè Memoryal pou Veteran nan Sampson lan pral toujou sèvi ak fyète kòm yon memoryal dirab ak yon kote pou yo repoze ki sakre pou pi gwo ewo nasyon nou an yo."

Manm asanble Phil Palmesano te deklare, "Jodi a, Simetyè Memoryal pou Veteran nan Sampson nan Romulus, New York, Konte Seneca, te rive atenn yon deziyasyon istorik ak transfè pwopriyete soti nan Konte Seneca pou pase nan Eta New York. Sa a se yon etap trè enpòtan epi final nan pakou long lan pou etabli premye Simityè Veteran Deta nan New York la. Pa gen okenn kote nan eta sa a ki pi byen adapte pou li vin lye repo final ofisyèl pou gason ak fanm vanyan ki te sèvi eta ak nasyon nou an. Mèsi ak veteran ewoyik nou yo pou sèvis ou ak sakrifis ou ak tout moun ki te travay di pandan ane yo pou ede reyalize deziyasyon enpòtan sa a. Yon remèsiman trè espesyal pou Konte Seneca pou anpil swen ak jerans yo nan tè kote Simetyè Memoryal pou Veteran nan Sampson lan sitiye a. Simetyè Memoryal pou Veteran nan Sampson lan se yon tè ki sakre epi li pral kontinye sèvi kòm yon lye repo espesyal, apwopriye ak final pou gason ak fanm vanyan militè yo ki te sèvi pou pwoteje nou ak poteje libète nou yo."

Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Veteran yo

[Divizyon Sèvis Veteran Eta New York](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Divizyon an nan 888-838-7697 oswa sitwèb li a veterans.ny.gov pou rankontre — an pèsòn oswa vityèllman — ak yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###